

**NATIONAL  
IMMIGRATION  
PROJECT**

Lawyers for the Movement

**EKSPLIKASYON POU KOMINOTE A**

**KISA MWEN AP SIYEN  
LÈ MWEN SIYEN POU  
DEPÒTASYON MWEN?**

# BECA

Nan fason Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ap ogmante arestasyon moun yo panse yo ka depòte yo, anpil kesyon ap poze paske ICE ap prezante moun yo papyè pou yo **“siyen pou depòtasyon yo.”**

**An jeneral, yon moun gen dwa pou li parèt devan yon jij imigrasyon anvan yo depòte li<sup>1</sup>**, kote jij la ap verifye si yo vrèman ka depòte moun nan oswa si li gen opsyon pou rete Ozetazini, tankou azil oswa anilasyon depòtasyon. DHS ap eseye fè moun yo abandone dwa sa pou yo ka fòse yo kite peyi a pi vit, pafwa ak pwomès lajan oswa ak menas pou yo dakò kite Etazini pa plizyè mwayen. Dokiman sa pral eksplike dokiman ki pi komen moun siyen pou yo dakò kite Etazini, ak kisa konsekans yo ye, itilizasyon aplikasyon CBP Home nan ladann tou.

**Sa ki enpòtan, kèlkeswa sa DHS di, pèsonn pa oblije abandone dwa yo pou ale nan tribinal imigrasyon oswa siyen okenn dokiman.**

Si yon moun te siyen yon akò konsa, paske li pat konprann sa li tap siyen an oswa paske DHS te menase li oswa fanmi li ak vyolans oswa yon anpil tan nan detansyon, lè sa a li ka anile akò a. Fason yo fè sa a pral depann de ki kalite akò li te ye; dokiman eksplikatif sa a pral pale tou sou ki wout pou pran pou chak.

## KI SA KI YON LÒD DEPÒTASYON YE?

Anvan nou egzamine divès fòm sa yo pou dakò kite Etazini, li enpòtan pou konprann [konsekans yon lòd depòtasyon pote](#), paske pi gwo avantaj pifò akò sa yo se evite youn. Gen yon lòd fòmèl depòtasyon vle di:

- ◆ Yon entèdiksyon 10 lane pou retounen Ozetazini
- ◆ Pinisyon kriminel pi sevè si ou retounen rante Etazini san pèmisyon, tankou yon bon ti tan nan prizon federal

Sepandan, e sa ki enpòtan, lèw chwazi kite Etazini volontèman pou **evite yon lòd depòtasyon pa vle di moun nan ap otomatikman gen yon fason pou retounen Ozetazini**. Premyèman, dwe gen yon chemen ki egziste - anjeneral yon viza ki baze sou fanmi oswa travay - epi **pifò moun ki te viv Ozetazini san papyè ap fè fas ak lòt entèdiksyon**, menm si yo evite entèdiksyon ki soti nan yon lòd depòtasyon. Pa egzanp, moun ki te viv Ozetazini san estati pou plis pase yon lane fè fas tou ak yon entèdiksyon 10 lane pou yo retounen.<sup>2</sup>

<sup>1</sup> Gen kèk eksepsyon pou sa:

1. Yon lòd depòtasyon akselere anba INA § 235(b)(1) pou moun yo te arete okòmansman nan lespas 14 jou ak yon distans 100 mil apre yo te antre Ozetazini. Sof si moun sa pase yon entèvyou kredib pou laperèz, li pa gen dwa pou li gen pwosedi tribinal imigrasyon konplè.
2. Nenpòt imigran ki pa yon sitwayen oswa yon LPR ki gen yon kondanasyon pou krim grav ka resewva lòd pou yo depòte li san pwosedi tribinal imigrasyon anba INA § 238(b).
3. Yon moun ki te resewva yon lòd depòtasyon epi ki retounen rante Ozetazini ankò san enspeksyon ka fè yo reaktif lòd depòtasyon li a anba INA § 241(a)(5), epi sof si li pase yon entèvyou kredib pou laperèz, yo ka depòte li san pwosedi tribinal imigrasyon.

<sup>2</sup> Yo ka padone oubyen retire entèdiksyon sa nan kèk sikonstans, men pou moun ki te viv Ozetazini san estati pandan plis pase yon lane, ki te kite peyi a, epi ki te retounen san pèmisyon, yo dwe tann 10 lane pou pitit deyò Etazini anvan yo ka retounen, menm si yo resewva yon egzansyon.

# CBP HOME

DHS ap ankouraje moun ki pa sitwayen ameriken **ki pa gen okenn dosye kriminèl** pou itilize aplikasyon CBP Home nan pou kite Etazini.

## DHS DI YO KA OFRI:

- ◆ \$2,600
- ◆ Èd nan fè aranjman ak peye vwayaj pou kèk moun
- ◆ "De-prioritization," sa vle di mwens risk pou arestasyon oswa detansyon
- ◆ Plis chans pou retounen Ozetazini a lavni



DHS **pa garanti** okenn moun kap itilize aplikasyon an ke yo pap arete oswa mete yo an detansyon. Sepandan, dapre pi bon enfòmasyon ki disponib nan moman nap ekri dokiman sa, itilizasyon aplikasyon an sanble diminye risk pou yo ta areste oswa detni yon moun pandan lap kite Etazini. Aplikasyon an mande pou moun nan **anrejistre nan gouvènman federal la** epi **pataje lokalizasyon** li, pou DHS ka konfime yon moun kite Etazini. Pataje kalite done sa yo toujou gen yon risk.



**Anpil moun di yo pa janm resevwa lajan oswa asistans pou vwayaj yo te pwomèt yo a**, menmsi gen kèk ki te resevwa li.

## SIW ANBA PWOSEDI DEPÒTASYON

Itilizasyon CBP Home ka lakòz yon lòd depòtasyon "in absentia", sa vle di tribinal imigrasyon an ka bay lòd pou yo depòtew paskew pa vini nan odyans ou an. Pandan CBP Home deklare ke DHS pral fè aranjman ak tribinal imigrasyon an pou fèmen kaw la, siw decide kite peyi a, **li pi bon siw kontakte tribinal la pou tèt ou**, kit ou itilize aplikasyon an kit ou pa itilize. Ou ka avèti tribinal la ke ou kite peyi a lèw voye yon lèt ki di desizyonw pouw kite peyi a, deziw pouw fini pwosedi depòtasyon ou an, epi ki gen ladan li:

- ◆ Itinerè vwayaj ou, mete ladann resi nenpòt tikè ou achte
- ◆ Enfòmasyon pou kontakw nan peyi orijin ou
- ◆ Konfimasyon ke wap itilize CBP Home, si ou chwazi sèvi avèl

## SI OU PA ANBA PWOSEDI DEPÒTASYON

Sèvi ak CBP Home oubyen kite peyi a yon lòt fason – depi yo pa aretew epi metew anba pwosedi depòtasyon – pa ta dwe lakòz yon lòd depòtasyon. Sepandan, ou ka fè fas ak lòt delè pou retounen Etazini selon dire prezans ou Etazini san estati, oubyen lòt rezon ki fè ou pa kalifye pou retounen.

**Si ou vle kite peyi a, ou pa oblije sèvi ak aplikasyon CBP Home nan.**

# DEPA VOLONTÈ



DHS ap ofri moun "depa volontè ankouraje" tou, menm jan an tou li pwomèt moun jiska \$2600 si yo dakò "depa volontè" a, ki vle di moun nan dakò pou kite Etazini nan yon peryòd tan espesifik (pa plis pase 120 jou), epi moun nan dakò peye pwòp vwayaj li si gouvènman an egzije sa. **Avantaj prensipal depa volontè a se evite yon lòd depòtasyon.** Dakò yon depa volontè vle di renonse dwa ou pou ale devan yon jij imigrasyon pou prezante ka ou (ke yo rele tou "pwosedi depòtasyon").

## TWA KALITE DEPA VOLONTÈ (DV)

### 01 ANVAN PWOSEDI VD A

DHS ka akòde DV poukont li si li fè sa **anvan yo depoze yon Avi pou Prezante** (se dokiman ki kòmanse ka depòtasyon ou nan tribinal imigrasyon), **lè yo sèvi avèk fòm I-210**. Moun nan dwe ale anvan 120 jou maksimòm. Nenpòt moun kalifye pou anvan pwosedi DV a **sof si**:

- ◆ Yo gen yon krim grav oswa kèk aktivite teworis;
- ◆ Yo konsidere yo kòm yon moun ki "vini", sa vle di lè yo te rive Ozetazini, yo te prezante tèt yo nan yon pò antre epi yo pat kite yo rantre yo sou yon viza valab nan moman sa, menm si sa te fè plizyè lane depi yo te antre (sa souvan aplike pou moun kap chèche azil, menm si yo te vini sou yon pwogram pawol tankou CHNV oswa CBP One); oubyen
- ◆ Yo te gentan bay moun nan DV oparavan, li te kite peyi a ak DV sa, epi li te rantre nan peyi a ankò apre DV a san enspeksyon (tankou travèse rivyè a oswa dezè a oswa kontoune kloti/miray fwontyè a).

### 02 DV ANVAN-ODISYON, OUBYEN ANVAN-KONKLIZYON

Jij imigrasyon an – se pa DHS poukont li – dwe akòde DV **si yo te deja depoze Avi pou Prezante a**.

- ◆ Se menm kondisyon kalifikasyon yo ak sa ki anwo yo, men anplis jij imigrasyon an ka mande yon kosyon \$500.
- ◆ **DHS ap itilize "mosyon konjwen pou depa volontè"** oubyen yon dokiman ki di ke yo menm avèw dakò ke ou ta dwe jwenn depa volontè ke yo depoze nan tribinal imigrasyon an. Jij imigrasyon an ka bay lòd DV san yon odyans!

### 03 DV APRE-KONKLIZYON

Si ou deja gen dènye odyans ou nan pwosedi depòtasyon ou an, se sèlman jij imigrasyon an ki ka akòde DV. Gen plizyè kondisyon kalifikasyon anplis sa yo ki nan lis anwo a, ou ka [li plis sou sa isit la](#), men nou pap bay detay sou yo paske li pap fasil pou DHS ofriw pou depa volontè si ou deja pase nan tout pwosedi depòtasyon ou an.



**Gade Anèks la pou egzantp fòm I-210 ak mosyon konjwen pou depa volontè.**



Si yon moun **pa an detansyon**, yon depa volontè kapab ba li opòtinite tou pou li regle kèk zafè anvan li ale epi pou li vwayaje nòmalman. Si yon moun gentan **an detansyon**, li prèske sètèn lap rete an detansyon epi kite peyi a anba sipèvizyon DHS. Moun ki an detansyon pafwa oblije achte yon "tikè ouvè" ki chè (kote yo achte yon vòl men se pa pou yon jou espesifik). An pratik, pou kèk moun ki jwenn DV anvan

pwosedi a pandan yo an detansyon, ICE a ka jis mete moun nan sou yon vòl pou peyi yo si gen vòl depòtasyon regilye ki ale la. Gen chans pou sa varye selon sant detansyon moun nan ye a, oswa menm chanjman nan disponiblite vòl yo.

## VERIFIKASYON REYALITE DÈLE YO

**Rezon prensipal ki fè moun aksepte DV volontèman se pou yo soti nan detansyon, men DV pa toujou yon solisyon pi rapid pou soti** — menm si lalwa egzije pou yon moun kite Etazini nan yon sèten tan, si yo nan detansyon, ICE ka pa fè aranjman pou yo kite peyi a byen vit.

Menm jan ak CBP Home, DV **pa bay yon chemen otomatik pou retounen Ozetazini, men li evite entèdiksyon 10 lane pou retounen ki soti nan yon lòd depòtasyon.**

Si yon moun pa kite Etazini pandan peryòd depa volontè a, **depa volontè a vin tounen yon lòd depòtasyon** epi yo ka fè fas tou ak:

- ◆ Yon entèdiksyon 10 lane pou kalifikasyon pou kèk kalite aplikasyon imigrasyon
- ◆ Yon frè \$1000 a \$5000
- ◆ Amann sivil ki rive jiska \$3000

Anpil moun ki gen depa volontè rete an detansyon pandan plizyè mwa, e sètènman plis tan pase peryòd depa maksimòm 120 jou a. **Yon moun PA DWE fè fas ak penalite sa yo oswa resevwa yon lòd depòtasyon si li pat kite nan peryòd tan an paske li pat kapab fè sa fizikman, men ou ka bezwen defann ou anfas ICE pou asire yo respekte depa volontè ou a.** Ka ki di ou pa ta dwe fè fas ak konsekans si ou pa kite pou rezon ki pa sou kontwòl ou se *Matter of Zmijewska, 24 I&N Dec 87, 93-95* (BIA 2007).

## RETIRE YON APLIKASYON ADMISYON

Jan nou te note pi wo a, moun yo konsidere kòm "vini" pa kalifye pou depa volontè dapre règleman yo. Kounye a, ICE ap chanje fason yap klase moun ki te antre lontan san pèmisyon. Nou pa konnen kijan sa afekte kalifikasyon pou retire yon aplikasyon admisyon.


**Retrè yon aplikasyon admisyon se yon lòt mwayen pou dakò kite Etazini san yo pa ba ou yon lòd depòtasyon pou moun ki "vini,"** ke istorikman CBP te sitou itilize sou fwontyè oswa nan tribinal pou moun ki te prezante tèt yo nan yon pò antre san viza, tankou anpil moun kap chèche azil. CBP gen pouvwa pou refize moun antre menm si yo gen yon viza oswa yon lòt pèmisyon pou vini Ozetazini; refi sa ka pran fòm yon lòd depòtasyon rapid nan kèk sikonstans. Olye pou yo ba yo yon lòd depòtasyon rapid, CBP ka ba yo opòtinite pou yo retire aplikasyon pou admisyon yo a, oswa dakò ke yo pap antre Ozetazini epi **kite imedyatman. CBP itilize fòm I-275 pou dokimante ke yon moun te retire aplikasyon pou admisyon li a.**

## "VINI" SE YON DEFINISYON LEGAL, SE PA YON DEFINISYON LITERAL

Paske menm si yon moun se moun "vini" ou pa se yon definisyon legal epi se pa yon definisyon literal, anpil moun ki tonbe nan kategori sa a te viv Ozetazini pandan lontan epi yo nan pwosedi depòtasyon regilye devan yon jij imigrasyon - ki ta ka bay pèmasyon tou pou retire yon aplikasyon pou admisyon. DHS ka ofri yon moun yon akò pou retire yon aplikasyon pou admisyon menm jan yo fè sa pou DV, byenke nou pa tande sa rive souvan.

Menm jan ak DV, retrè yon aplikasyon pou admisyon pèmèt yon moun evite yon lòd depòtasyon, depi yo ka kite "imedyatman". Yon lòt fwa ankò, **evite yon lòd depòtasyon pa garanti yon chemen legal pou retounen Ozetazini oswa leve lòt entèdiksyon pou antre.**

## RETOU VOLONTÈ

 CBP itilize yon pwosesis enfòmèl tou yo rele "retou volontè" pou fè moun renonse dwa yo genyen pou pwosedi depòtasyon (sa vle di ale devan yon jij imigrasyon pou diskite poukisa yo ta dwe kapab rete Ozetazini) epi pou yo retounen nan peyi orijin yo imedyatman. Paske li te fèt pou itilize byen vit, dapre listwa, jeneralman CBP te sèlman itilize li pou moun ki soti Meksik ak Kanada, ki te ka travèse fwontyè tè a imedyatman pou retounen nan peyi respektif yo. Poutan, paske retou volontè a se yon pwosesis enfòmèl, pa gen okenn egzijans legal ki anpeche ICE itilize retou volontè a, oswa ki anpeche ICE oswa CBP ofri li bay moun ki soti nan peyi ki pa Kanada ak Meksik.

CBP itilize **fòm I-826** pou fè moun dakò pou retou volontè. Retou volontè **pa mennen yon lòd depòtasyon.**

 **Gade Anèks la pou egzanp fòm I-826.**

## AKÒ DEPÒTASYON

Kontrèman ak lòt akò nou diskite pi wo yo, yon akò depòtasyon se yon akò ant ou menm ak DHS ke **ou pral resevwa yon lòd depòtasyon epi yo pral depòte ou.** Sa vle di ke ou **pral fè fas ak yon entèdiksyon 10 lane pou retounen** ak sanksyon kriminel sevè si ou retounen san pèmasyon. Yon jij imigrasyon ka bay lòd depòtasyon an, petèt san yon odyans.

Rezon prensipal ki fè yon moun ta dakò ak sa se pou li soti nan detansyon pi vit. Sepandan, menm jan ak DV a, pa gen okenn garanti ke ICE ap aji pi vit menm si ou te dakò pou yo depòte ou.

 Li **pa** sanble moun ki siyen yon akò depòtasyon kalifye pou resevwa lajan nan men gouvènman an.

 **Gade Anèks la pou yon egzanp akò depòtasyon.**

# ICE BAY MANTI, PRESYON, AK DEFET YON AKÒ POU KITE PEYI A



Nou tande anpil rapò kote ICE bay moun ki an detansyon yo manti sou sa yap siyen, yo sèlman montre yo yon pati nan yon dokiman oswa jis liy siyati a, oswa yo refize tradui yon dokiman pou yo. Nou tande tou anpil rapò kote ICE menase yon moun ak vyolans, detansyon pou anpil tan, oswa konsekans pou manm fanmi yo si yo refize siyen yon bagay kote yo dakò pou kite Etazini.

**Paske tout akò sa yo mande pou renonse dwa enpòtan, yo tout dwe fèt " ak konsyans ak volonte." Sa vle di ou te konnen sa ou tap dakò a epi ou pat santiw oblije dakò avèl.**

## KIJAN POU MONTRE KE SIYATI A PA T KONNEN E KE LI TE VOLONTÈ:

- ◆ Eksplike an detay egzakteman sa ki te pase ki te fè ou siyen
- ◆ Eksplike sa ou te kwè ou tap siyen ak poukisa
- ◆ Eksplike sa ou te kwè ki tap rive si ou pat siyen

## WOUT LA DEPANN DE AJANS LAN

Fason ou anile chak kalite akò depann de ki ajans ki te bay li. Pa egzanp, si ICE te fè ou siyen pou yon DV anvan-pwosedi (fòm I-210), pou ou anile li, wap gen bezwen defann tèt ou devan ICE pou yo anile li. Menm jan an tou, si CBP te fè ou siyen pou yon retou volontè, ou ta bezwen mande yo pou yo anile li. Malerezman, li pa toujou klè ki ajans ki te fè yon moun siyen, epi si se te CBP epi li te toupre fwontyè a, gen yon pi gwo risk pou yo depote moun nan soti Ozetazini anvan yo ta anile akò a.



**Siw nan tribinal imigrasyon:** si mwens pase 30 jou pase depi Jij Imigrasyon an te bay yon lòd pou depa volontè oswa depòtasyon ki baze sou akò ou an, **ou ta dwe fè apèl bay Komisyon Apèl Imigrasyon** an epi fèl parèt aklè nan Avi Apèl ou a ke ou pat dakò ak volontew ni ou pat gen konsyans de sa, jan sa dekri pi wo a. Si plis pase 30 jou men mwens pase 90 jou pase, ou ka bezwen depoze yon mosyon pou relouvri nan tribinal imigrasyon an.

# AVI POU PREZANTE — pa yon akò pou kite peyi a!



Gen lòt dokiman ICE ka mandew siyen ki **pa yon akò pou kite** Etazini, men yon ofisye ICE ka diw ke se "konsènan depòtasyonw lan," oswa "pou ka depòtasyonw lan."

**Ou pa janm oblije siyen yon dokiman, sitou sanw pa konprann sa li ye. Si ou kapab, mande yon moun pou edew idantifye sa li ye ANVAN ou siyen, sitou yon avoka.**

## KISA YON AVI POU PREZANTE YE AN REYALITE:

Yon Avi pou Prezante ("NTA") se dokiman ki kòmanse pwosedi pou depòtasyon yo nan tribinal imigrasyon, epi li nòmal pou yo mande yon moun yo bay yon NTA pou siyen li. Yo rapòte nou gen ofisye ICE kap di moun ke dokiman sa se "pou depòtasyon yo," oswa yon bagay ki sanble sa, sa ki lakòz anpil konfizyon.



**Gade Anèks la pou yon egzanzp yon Avi pou Prezante.**

## KIJAN POU VERIFYE SI YO TE DEPOZE YON NTA

Moun pwòch yo ki pa nan detansyon yo ka toujou verifye si yo te depoze yon Avi pou Prezante nan tribinal imigrasyon an lè yo antre nimewo A moun pwòch yo a ak peyi orijin li nan [Sistem Otomatik Enfòmasyon Dosye](#) a, oswa lè yo rele liy dirèk enfòmasyon ka EOIR la, 1-800-898-7180. Si genyen, sit entènèt la (oswa liy dirèk la) ap montre dosye a tankou li "annatant" epi montre enfòmasyon sou nenpòt odyans kap gen pou fèt.

## KISA YON NTA GEN LADANN:

NTA a bay enfòmasyon ke avoka ICE yo panse yo ka pwouve nan tribinal imigrasyon an. Sa ta gen ladan bagay tankou:

- ◆ Ou pa yon sitwayen Ameriken;
- ◆ Ou se yon sitwayen ak nasyonalite tèl peyi;
- ◆ Ou te antre ak yon viza epi ou te rete plis pase tan viza a.

Aprè sa, li pral gen yon lis akizasyon yo; sa yo pa akizasyon kriminel - yo se lwa sivil ki fè yo "ka depòte" yon moun. Sa yo kapab rezon ki gen rapò ak yon akizasyon kriminel oswa yon kondanasyon, men yo kapab gen rapò tou ak yon moun ki rete plis tan pase tan viza li oswa ki Ozetazini san otorizasyon.

NTA a ta dwe genyen dat, lè ak ki kote pwochen odyans a [p fèt tou. Si ou panse enfòmasyon ki sou NTA a pa kòrèk epi ou panse ou ta dwe kapab rete nan peyi a, se yon bagay ou ka di jij imigrasyon an yon fwa ou nan tribinal la.

# REZIME AKÒ YO



## DV ANVAN-PWOSEDI

01

- ◆ Anvan yo depoze yon Avi pou Prezante
- ◆ Fòm I-210
- ◆ ICE ka akòde li poukont li
- ◆ Pa gen entèdiksyon 10 lane pou rantre Etazini, men li ka gen lòt entèdiksyon (prezans ilegal, kondanasyon kriminèl, elatriye)
- ◆ Si moun nan pa kite peyi a nan tan yo te bay la (pa plis pase 120 jou), lap konvèti an lòd depotasyon, frè sivil ak amann

## AKÒ DV

02

- ◆ Apre yo fin depoze yon Avi pou Prezante
- ◆ DHS depoze yon mosyon konjwen nan tribinal
- ◆ Yon jij imigrasyon dwe akòde li (sa ka fèt san yon odyans)
- ◆ Pa gen entèdiksyon 10 lane pou rantre Etazini, men ka gen lòt entèdiksyon (prezans ilegal, kondanasyon kriminèl, elatriye)
- ◆ Si moun nan pa kite peyi a nan tan yo te bay la (pa plis pase 120 jou), lap konvèti an lòd depotasyon, frè sivil ak amann

## RETOU VOLONTÈ

03

- ◆ Anvan yo depoze yon Avi pou Prezante
- ◆ Fòm I-826
- ◆ Renonse dwa pouw gen pwosedi depòtasyon
- ◆ Ou dwe kite "imedyatman"
- ◆ Pa gen entèdiksyon 10 lane pou rantre Etazini, men ka gen lòt entèdiksyon (prezans ilegal, kondanasyon kriminèl, elatriye)

## AKÒ DEPÒTASYON

04

- ◆ Apre yo fin depoze yon Avi pou Prezante
- ◆ DHS depoze yon avi akò nan tribinal
- ◆ Yon jij imigrasyon dwe bay lòd pou yo depòtew (sa ka fèt san yon odyans)
- ◆ 10 lane entèdiksyon pou rantre Etazini, nenpòt lòt entèdiksyon pou bagay tankou prezans ilegal, plis akizasyon kriminèl ki posib siw rantre ankò san pèmasyon alavni
- ◆ Pa gen dat limit pou depòtasyon an

## RETIRE YON APLIKASYON ADMISYON

05

- ◆ Pou moun yo konsidere kòm "vini"
- ◆ Fòm I-275
- ◆ Ou dwe kapab kite peyi a "imedyatman"
- ◆ Daprè listwa, se CBP ki te itilize li pi plis sou fwontyè a, men ICE ka itilize li oubyen yon jij imigrasyon ka akòde li.

## CBP HOME OSWA KITE ETAZINI

06

- ◆ Nenpòt lè
- ◆ DHS dwe apwouvew pou CBP Home, li posib pou jwenn mwens risk arestasyon ak detansyon, posiblite pou resevwa lajan
- ◆ Si nan pwosedi tribinal imigrasyon, yon moun ka jwenn yon entèdiksyon 10 lane sou yon lòd depòtasyon in absentia. Kit se nan tribinal imigrasyon ou pa, li pa retire entèdiksyon pou rantre ankò apre prezans ilegal, elatriye.
- ◆ Si ou pa kite peyi a nan tan yo te bay la, ou ka nan detansyon.



## FÒM I-210 DV ANVAN ODYANS

DEPARTMENT OF HOMELAND SECURITY  
U.S. Immigration and Customs Enforcement

### VOLUNTARY DEPARTURE AND VERIFICATION OF DEPARTURE

To: (Alien's Last Name, First Name, and Address) <b>[REDACTED]</b> 3026 GA-252 E FOLKSTON, GEORGIA, 31537	Alien's Phone Number <b>[REDACTED]</b>	A Number <b>[REDACTED]</b> FIN <b>[REDACTED]</b>
---	---	---

You have violated the terms of your admission as a nonimmigrant. Consequently, the permission previously granted you to remain in the United States is rescinded. You are required to depart from the United States at your own expense on or before \_\_\_\_\_.

On September 4, 2025 you were granted voluntary departure by the  IJ  BIA  DHS. You are required to depart from the United States on or before November 4, 2025  at your expense.  at government expense.  under safeguard.

Your request for an extension of time to depart from the United States has been \_\_\_\_\_ . You are required to depart on or before \_\_\_\_\_ .  
(Granted/Denied)

You state that you will be departing the United States on \_\_\_\_\_ through \_\_\_\_\_  
(Port of Departure)

on \_\_\_\_\_  
(Give Airlines, Flight Number and Time or Other Manner of Departure)

**NOTICE: The Immigration Judge's Alternate Order of Removal will take effect if the alien does not depart within the time specified. Failure to depart on or before the specified date may result in the withdrawal of voluntary departure and action being taken to effect your removal. A warrant for your arrest will be issued if this office has not received verification of your departure by the specified date. Failure to depart on or before the specified date may also subject you to a possible civil penalty of not less than \$1,000 and not more than \$5,000, and render you ineligible for a period of 10 years for any further authorization for voluntary departure or for relief under sections 240A, 245, 248, and 249 of the Immigration and Nationality Act.**

Additionally, if an Immigration Bond has been posted on the alien, the DHS will initiate the appropriate action in accordance with the terms of the executed bond and any attached rider or riders specified.

To any U.S. official: This document can be completed and transmitted to DHS/ICE Headquarters Office of Enforcement and Removal via [VD-Bond-Verifications@ice.dhs.gov](mailto:VD-Bond-Verifications@ice.dhs.gov).

\_\_\_\_\_  
(Signature of Alien - Acknowledgment of Conditions and Receipt of Form) (Date)

\_\_\_\_\_  
(Signature of Authorized DHS Official) (Date)

CAROLINE 7474 MOORE - DO *cmh* Folkston ICE Processing Center  
(Name and Title of DHS Official Serving Form) (Office)



If Available



<b>Verification of Departure</b> (Completion by an official of the Department of Homeland Security or the U.S. Department of State)			
Signature of Official Verifying Identity		Date	Phone #:
		Office	
Printed Name/Title of Official Verifying Identity			
U.S. Departure Place			Date
Method of Departure	<input type="checkbox"/> Air <input type="checkbox"/> Train <input type="checkbox"/> Boat <input type="checkbox"/> Other:		
Comments			

**PAJ TIT POU MOSYON KONJWEN POU DV**

In the Matter of:

In Removal Proceedings

File No. A

**JOINT MOTION FOR VOLUNTARY DEPARTURE**

**PAJ SIYATI POU MOSYON KONJWEN POU DV**

Respectfully submitted on DATE,

\_\_\_\_\_  
NAME  
Deputy Chief Counsel  
|

\_\_\_\_\_  
NAME  
Respondent's Counsel

# FÒM I-826 RETOU VOLONTÈ

Department of Homeland Security  
Bureau of Customs and Border Protection

## Notice of Rights and Request for Disposition

File No: \_\_\_\_\_

Name: \_\_\_\_\_

### NOTICE OF RIGHTS

You have been arrested because immigration officers believe that you are illegally in the United States. You have the right to a hearing before the Immigration Court to determine whether you may remain in the United States. If you request a hearing, you may be detained in custody or you may be eligible to be released on bond, until your hearing date. In the alternative, you may request to return to your country as soon as possible, without a hearing.

You have the right to contact an attorney or other legal representative to represent you at your hearing, or to answer any questions regarding your legal rights in the United States. Upon your request, the officer who gave you this notice will provide you with a list of legal organizations that may represent you for free or for a small fee. You have the right to communicate with the consular or diplomatic officers from your country. You may use a telephone to call a lawyer, other legal representative, or consular officer at any time prior to your departure from the United States.

### REQUEST FOR DISPOSITION

- \_\_\_\_\_  
Initials
- I request a hearing before the Immigration Court to determine whether or not I may remain in the United States
- \_\_\_\_\_  
Initials
- I believe I face harm if I return to my country. My case will be referred to the Immigration Court for a hearing.
- \_\_\_\_\_  
Initials
- I admit that I am in the United States illegally, and I believe I do not face harm if I return to my country. I give up my right to a hearing before the Immigration Court. I wish to return to my country as soon as arrangements can be made to effect my departure. I understand that I may be held in detention until my departure.

\_\_\_\_\_  
Signature of Subject

\_\_\_\_\_  
Date

### CERTIFICATION OF SERVICE

- Notice read by subject
- Notice read to subject by \_\_\_\_\_, in the \_\_\_\_\_ language.

\_\_\_\_\_  
Name of Service Officer (Print)

\_\_\_\_\_  
Name of Interpreter (Print)

\_\_\_\_\_  
Signature of Officer

\_\_\_\_\_  
Date and Time of Service

Form I-826 (4-1-97)N

## AKÒ DEPÒTASYON

Stipulation  
File No. A

### STIPULATION

I, \_\_\_\_\_, make the following statements and admissions:

1. I am at least 18 years of age.
2. I have received a copy of the Notice to Appear dated \_\_\_\_\_, which contains my full, true, and correct name. The allegations and charge(s) on the Notice to Appear have been read to me in English, which is a language that I fully understand.
3. I understand that I have the right to a hearing before an Immigration Judge. I also understand that if I have a hearing, the Immigration Judge will decide if I am subject to removal from the United States. If I am subject to removal, I understand that the Immigration Judge will decide if I can apply for relief from removal.
4. I understand that I have the right to be represented in removal proceedings by an attorney or authorized representative. I understand that I have the right to choose my own attorney or representative. I also understand that the government will not pay for my attorney or representative. I have received a list of free legal services providers published by the Executive Office for Immigration Review.

**AVI POU PREZANTE**

**Your A number**

**Notice to Appear**

U.S. Department of Homeland Security

**In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act:**

Subject ID: [REDACTED] FINS #: [REDACTED] File No: [REDACTED]  
DOB: [REDACTED] Event No: [REDACTED]

In the Matter of:

Respondent: [REDACTED] currently residing at:

[REDACTED] (Number, street, city and ZIP code) [REDACTED] (Area code and phone number)

- 1. You are an arriving alien.
- 2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or paroled.
- 3. You have been admitted to the United States, but are removable for the reasons stated below.

The Department of Homeland Security alleges that you:

1. You are not a citizen or national of the United States;
2. You are a native of HONDURAS and a citizen of HONDURAS ;
3. You arrived in the United States at or near [REDACTED], on or about [REDACTED], [REDACTED];
4. You were not then admitted or paroled after inspection by an Immigration Officer.

**The immigration court where your hearing will be scheduled**

On the basis of the foregoing, it is charged that you are subject to removal from the United States pursuant to the following provision(s) of law:  
212(a)(6)(A)(i) of the Immigration and Nationality Act, as amended, in that you are an alien present in the United States without being admitted or paroled, or who arrived in the United States at any time or place other than as designated by the Attorney General.

- This notice is being issued after an asylum officer has found that the respondent has demonstrated a credible fear of persecution or torture.
- Section 235(b)(1) order was vacated pursuant to:  8CFR 208.30(f)(2)  8CFR 235.3(b)(5)(iv)

YOU ARE ORDERED to appear before an immigration judge of the United States Department of Justice at:  
5701 Executive Center Drive Suite 400 Charlotte NC US 28212

on a date to be set at a time to be set to show why you should not be removed from the United States based on the charge(s) set forth above.

NICHOLAS E. MUNOZ ACTING PATROL AGENT IN CHARGE  
(Signature and Title of Issuing Officer)

Date: April 18, 2018 McAllen, Texas  
(City and State)

See reverse for important information

Form I-862 (Rev. 08/01/07) N